

**TRADHISI SLAMETAN BARITAN ING KECAMATAN GRABAGAN, KABUPATEN TUBAN
(TINTINGAN FOLKLOR)**

M. Joko Pamuji

S-1 Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
m.pamuji@mhs.unesa.ac.id

Dra. Suwarni, M.Pd.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni,
Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Tradhisi slametan baritan yaiku kapitayan kang diwarisake dening para leluhur kanggo ngaturake rasa syukur marang Gusti kang murbeng dumadi ingkang sampun paring kaslametan, kasuburan lan bisa nolak balak saka pageblug kang ana ing desa. Pambedane saka tradhisi slametan liyane yaiku saka papan panggonan, tata laku lan ubarampe.

Uderan panliten iki yaiku (1) Kepriye tuwuhe TSB ing Kecamatan Grabagan, Kabupaten Tuban, (2) Apa wae ubarampe lan makna sajrone TSB, (3) Kepriye tatalaku sajrone TSB, (4) Apa nilai sajrone TSB, (5) Apa piguna sajrone TSB, (6) Kepriye carane nguri-nguri TSB, (7) Kepriye owah-owahane TSB. Tujuwan saka panliten yaiku: (1) Ngandharake tuwuhe TSB ing Desa Dahor, Kecamatan Grabagan, Kabupaten Tuban, (2) Ngandharake ubarampe lan makna sajrone TSB, (3) Ngandharake tatalaku sajrone TSB, (4) Ngandharake nilai sajrone TSB, (5) Ngandharake pigunane TSB, (6) Ngandharake carane nguri-nguri TSB, lan (7) Ngandharake owah-owahane TSB Paedah saka panliten dikarepake bisa nduweni paedah kanggo manungsa marang Gusthi, manungsa karo alam, manungsa karo sapadha-padha, manungsa marang bebrayan, lan manungsa marang awake dhewe.

Tintingan kapustakan kang digunakake kanggo nganalisis panliten iki yaiku nggunakake Konsep Masyarakat Jawa, Konsep Foklor, Konsep Tradhisi, Konsep Simbol, Konsep Makna, Konsep Nilai, Konsep Piguna, Konsep Nguri-nguri Kabudayan, Konsep Owah-owahane Kabudayan, lan Hermeneutik. Dene panliten iki nggunakake metode *Deskriptif Kualitatif* kanthi pendekatan budaya. Objek panliten yaiku *Tradhisi Slametan Baritan*. Data ing panliten iki awujud data lisan lan data awujud barang.

Asiling panliten (1) nuduhake anane TSB kanggo ngilangi pageblug ing desa, (2) ngandharake makna, nilai, lan fungsi kang kinandut sajrone TSB, (3) ubarampe ing adicara iki akeh maceme kayata bubur tulak, tumpeng, ketan tawa, lan sapanunggalane, nanging ing jaman saiki kathah ubarampe kang ilang kayata arang-arang kambing, bucu kendhit, lan sapiturute. Kabudayan owah amarga faktor internal lan eksternal.

Tembung wigati : slametan baritan, folklor, owah-owahan.

PURWAKA

Indonesia nduweni kabudayan kang maneka warna, kayata kabudayaan dhaerah siji lan dhaerah liyane kang nduweni pambeda, saengga kabudayan kasebut ndadekake titikan saka dhaerah kasebut. Ora mung kuwi, kabudayan uga minangka unsur kang ora bisa adoh lan ora bisa dipisahake klawan panguripane manungsa ing bebrayan. Saliyane kuwi kabudayan ora bakal bisa tuwuh tanpa anane masyarakat kang dadi panyengkuyunge. Miturut Koentjaraningrat (1987:109) kabudayan nasional yaiku asil karyane putra Indonesia kang nduweni titikan kang khas saengga bebrayan Indonesia bisa nrima lan rumangsa bombong tumrap asil karya kasebut. Titikan kang diduweni saben dhaerah beda-deda, mulane titikan kasebut kang ndadekake kabudayan nduweni *karakteristik*. Kabudayan uga nduweni sipat *heterogen*,

nduweni *corak*, ragam lan nilai minangka sakabehe kawruh manungsa digunakake kanggo ngerteni lingkungan sarta pengalaman lan dadi paugeran tumindake manungsa.

Kabudayan asale saka tembung Sansekerta yaiku *buddhayah* yaiku wujud jamak saka tembung ‘buddhi’ kang tegese budi utawa akal. Koentjaraningrat (1984:15) ngandharake kabudayan sakabehe angengen lan olah ciptane manungsa, sarta sakabehe asil budi lan dayane kang kudu dikulinake kanthi sinau. (Koentjaraningrat 1987:1) ngandharake kabudayan yaiku sakabehe gagasan, sarta olah ciptane manungsa ing bebrayan kang kudu dikulinake, dilakoni kanthi cara disinaoni nggunakake simbol-simbol arupa ukara lan sistem pirantine. Kabudayan uga ngandhut teges kang

amba ngenani pamahaman rasa salah sawijine basa kang kompleks, pamawas, kapitayan, seni, moral, hukum, adat istiadat, lan liyane kang diolehi saka masyarakat sakupenge.

Kabudayan iku sejatine wujud saka upaya lan rekadayane manungsa kanggo ngadhepi *lingkungan* ing sakupenge. Kajaba iku uga minangka warisan para leluhur jaman biyen utawa kang diduweni dening para panyengkuyunge kanthi nyinaoni kabudayan kasebut. Kabudayan uga ngandhut aturan, norma utawa nilai-nilai kabudayan kang apik, saengga bisa kanggo tuladha ing urip bebrayan tumrap masyarakat. Konsepe kabudayan yaiku minangka sakabehe pamikiran utawa saka cipta, rasa lan karsane manungsa kang becik kanthi sarana lan uga niat ngupaya pamikiran kanggo luwih pinter (Koentjaraningrat, 1987:15). .

Miturut Sudikan (2001:4) ngandharake kabudayan Indonesia diperang dadi telung golongan, antarane yaiku: (1) kabudayan nasional, katindakan sajroning kantor-kantor pemerintahan, sekolah, universitas, lan kegiatan-kegiatan upacara sing asifat nasional, (2) kabudayan dhaerah, minangka wujud saka manekawarna kagiyatan-kagiyatan panguripan saka para masyarakat suku bangsa sing pathokane saka pranata-pranata sosial sing sumbere ing kabudayan suku bangsa, (3) kabudayan lokal, minangka wujud saka masyarakat majemuk sing masyarakate luwih siji suku bangsa, saengga kagiyatan-kagiyatan kasebut pathokane saka pranata-pranata sosial kang sumbere saka kabudayan-kabudayan suku bangsa kang ana, sarta oleh pengaruh kabudayan nasional. Katelu kabudayan kasebut nduweni sesambungan kang ora bisa uwal ing antarane siji lan sijine. Kabudayan lokal ora bisa kuwat tanpa disengkuyung kabudayan dhaerah, kabudayan dhaerah ora bisa kuwat tanpa disengkuyung kabudayan nasional, lan uga suwalike. Cundhuk klawan andharane Sudikan, kabudayan suku bangsa utawa kabudayan dhaerah mujudake asile saklompok manungsa sing kaiket dening kesadharan, rasa idhentitas lan anane upaya nyawijekake budaya sing ana ing dhaerah utawa suku bangsa tartamtu. Salah sawijining kabudayan kang ngrembaka lan nduweni masyarakat panyengkuyung kang akeh yaiku kabudayan Jawa. Kabudayan kang ditindakake masyarakat kanthi turun temurun lan dadi tradhisi.

Tradhisi kalebu budaya lokal kang isih dilestarekake dening masyarakat. Poerwadarminta (1984:108) ngandharake yen tradhisi yaiku adat, pakulinan, kapitayan lan sapanungglane kang diwarisake kanthi cara turun-temurun. Salah sawijine tuladha ngenani tradhisi yaiku TSB minangka tradhisi kang wis ana wiwit jaman biyen ing Desa Dahor, Kecamatan Grabagan, Kabupaten Tuban kang dicekake TSB. Tradhisi kasebut ditindakake saben taun ing sasi sura

dina kemis minggu kapisan. Tradhisi kasebut bisa narik kawigaten masyarakat amarga nduweni titikan kayata (1) ditindakake setaun pisan ing sasi sura kamis minggu kapisan, (2) papan panggonan TSB ana ing pretelon desa, (3) nduweni tata laku kang beda karo desa liyane, (4) sajrone tradhisi ngandhut makna kang bisa migunani kanggo urip ing bebrayan, uga (5) ana saperangan kang ngalami owah-owahan saka taun sadurunge.

Baritan minangka slametan kang ditindakake setaun sepisan saben sasi sura dina kemis minggu kapisan. Slametan baritan iki dilakoni kanggo ngucap syukur marang Gusti Kang Maha Agung kang wus paring sandhang pangan kang ana ing desa kasebut, uga kanggo ngormati marang roh-roh leluhur kang isih di ugem wong jaman biyen, Slametan Baritan tujuwane uga kanggo tolak balak saka penyakit lan bebaya ana ing desa kasebut. Saengga Slametan Baritan iki wigati banget lan tradhisi iki kudu dijaga lan dilestarekake ana ing jaman saiki. Nanging sajrone owahe jaman, tradhisi kasebut saya owah ora kaya biyen kang isih diugemi lan dilakoni. Owah-owahan kasebut diwiwiti saka pangaribawa Islam mlebu ing tanah Jawa mligine ana ing dhaerah pesisir lumantar jalur perdagangan.

TSB kalebu folklor setengah lisan amarga ngandhut kapitayan masyarakat, adat istiadat, nilai budaya lan sapiturute kang perlu dijaga lan dilestarekake. Tradhisi kasebut nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap panguripane masyarakat. Panliten ngenani Tradhisi Baritan iki narik kawigaten banget tumrap masyarakat ing bebrayan amarga akeh para generasi mudha kang ora meruhi ngenani tradhisi kang dilaksanakake saben setaun sepisan yaiku nalika sasi sura.

Tradhisi Baritan kang ditindakake saben taun iki nduweni daya pangaribawa kang gedhe banget tumrap bebrayan. Sajrone tradhisi nduweni bab-bab kang perlu dimangerteni tumrap bebrayan, mligine masyarakat desa lan masyarakat sakupenge. TSB uga nduweni bab kang owah amarga lumakune jaman, salah sawijine owah-owahan kang ana ing tradhisi iki yaiku ubarampe kayata arang-arang kambing, bucu kendhit, dupa, jajanan pasar lan sapiturute. Ubarampe kasebut bisa ana lan ora ana, gumantung masyarakat panyengkuyunge.

Panliten ngenani TSB minangka salah sawijine wujud patuladhan kabudayan kang trep kanggo ngleluri budaya Jawa, panliten iki bisa kanggo sarana pasinaon mligine ngenani kabudayan supaya ora mungkret lan muspra, sarta ora gampang dilalekake amarga kabudayan manca kang saya suwe saya disenengi dening masyarakat. Saka pamawas ing ndhuwur nuwuhake rasa pepenginane panliti kanggo ngudal lan mbabar babagan Tradhisi Slametan Baritan amrih ora cures lan tansaya ngrembaka. mligine masyarakat sakupenge. Panliten kaya

mangkene nduweni tujuan kanggo mbangun semangat para pemudha supaya nduweni rasa njaga lan nyengkuyung kabudayan Jawa uga bisa ngelstarekake. Saengga masyarakat Jawa ora lali Jawane, amarga kabudayaan tetep ngrembaka ana ing bebrayan.

Underane panliten iki ana pitu, yaiku (1) Kepriye tuwuhe TSB ing Kecamatan Grabagan, Kabupaten Tuban, (2) Apa wae ubarampe lan makna sajrone TSB ing Kecamatan Grabagan, Kabupaten Tuban, (3) Kepriye tatalaku sajrone TSB ing Kecamatan Grabagan, Kabupaten Tuban, (4) Apa nilai kang kinandhut sajrone TSB ing Kecamatan Grabagan, Kabupaten Tuban, (5) Apa piguna kang kinandhut sajrone TSB ing Kecamatan Grabagan, Kabupaten Tuban, (6) Kepriye carane nguri-nguri TSB ing Kecamatan Grabagan, Kabupaten Tuban, lan (7) Kepriye owah-owahane TSB ing Kecamatan Grabagan, Kabupaten Tuban.

Ancas saka panliten iki yaiku ngandharake tuwuhe, ubarampe lan makna, tatalaku, nilai lan piguna kang kinandhut sajrone TSB, crane nguri-nguri lan owah-owahane TSB.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten Kang Saemper

- (1) Linda Purnama Ratri (2007), *“Tradhisi Metik Pari ing Desa Kletekan Kecamatan Jogorogo Kabupaten Ngawi”*. Asil saka panliten yaiku ngandharake bab mula bukane, wujud, ubarampe, tatarakit, piguna lan owah gingsire kabudayan methik pari. Sajrone panliten iki meh padha kaya panliten kang arep tak tliti nanging pambédane yaiku objek kang ditliti.
- (2) Tri Iswanti (2007), *“Tradhisi Sedekah Desa ing Dhusun Njulek Kecamatan Kunjang Kabupaten Kediri (Tintingan Wujud, Makna lan Fungsi)”*. Asil saka panliten yaiku ngandharake bab mula bukane, wujud, ubarampe, tatarakit, makna, lan pungkasan yaiku ngandharake fungsi sajrone tradhisi sedekah desa.
- (3) Dwi Endik Ulandari (2006), *“Tradhisi Selamatan Brokohan, Sepasaran, Selapanan, Dalam Upacara Kelahiran di Desa Klangon Kecamatan Saradan Kabupaten Madiun”*. Sajrone panliten iki ngandharake ngenani wujud, makna lan fungsi saka upacara tradhisional kelairan. Analisi ngenani fungsine nggunakake teori fungsi Merton kang isine yaiku fungsi manufes lan laten. Ironing panliten iki mung lelandhesan fungsi manifes kang ngasilake rasa gotong royong, tulung tinulung, tulak balak, bisa nentremake batin lan mujudake rasa syukur uga sarana pangulawentah religi.
- (4) Delta Meka Septianingrum (2015), *Tradhisi Purnama Sidi ing Ponorogo* dening Asil saka panliten iki yaiku, ngandharake bab mula bukane, ngandharake tata laku, ngandharake wujud lan

makna, ngandharake pigunane lan ngandharake owah gingsire.

Anane panliten kang saemper iki kanggo pambandhing. Panliten *Tradhisi Slametan Baritan* ngrembug ngenani wujud, fungsi, makna, lan owah-owahane tradhisi kang diteliti. Panliten iki uga ngrembug ngenani wujud, makna, fungsi, lan owah-owahane tradhisi, pambédane saka panliten liyane yaiku saka panggonan, objek lan lumakune tradhisi kasebut. Tujuwane kanggo ngudari alesan masyarakat nganakake TSB, makna, wujud, piguna uga owah-owahane TSB ing Kecamatan Grabagan, Kabupaten Tuban.

Konsep Masyarakat Jawa

Masyarakat yaiku makhluk kang urip ana ing bebarayan. Kabudayan diwawas saka arti yaiku kultur kang nduweni teges sakabehe kagiyatan manungsa kanggo ngolah lan ngubah alam. Manungsa kuwi nduweni daya, cipta, rasa lan karsa kang diwenehake Gusti sajroning wujud spiritual lan adat istiadat. Miturut Koentjaraningrat (1990:97) ngandharake masyarakat yaiku sakumpulane uripe manungsa kang nganut sawijine sistem adat istiadat tartamtu kang asipat sesambungan lan kaiket dening rasa idhentitas bebrayan.

Koentjaraningrat (1984:147) ngandharake yen masyarakat bisa ditegesi minangka masyarakat yen anane norma-norma tartamtu yaiku tindak-tanduk kang khas ngenani kabeh faktor panguripane kang ana watesane. Masyarakat yaiku saben klompok manungsa kang wis cukup suwi uripe lan wis kerjasama, saengga bisa mikir ngenani awake dhewe minangka sosial kanthi wates-wates tartamtu. Dadi bisa didudut yen masyarakat yaiku klompok manungsa kang sinambungan mituurt adat istiadat tartamtu. Ngelingake teges-teges ngenani masyarakat kasebut ing dhuwur, mula bisa didudut yen masyarakat kudu nduweni syarat-syarat yaiku: (1) Ana sakumpulan manungsa lan mesthi akeh, (2) wis ana panggonane sajrone wektu kang suwi sajrone dhaerah tartamtu, (3) anane aturan-aturan utawa undang-undang kang ngatur kanggo kepentingan lan ancas bebarengan.

Konsep Folklor

Tembung folklor asale saka basa manca yaiku *folklore*, kang dumadi saka rong tembung, *folk* lan *lore*. *Folk* tegese saperangan manungsa kang nduweni pratandha fisik, sosial lan kabudayan, saengga bisa dibedakake dadi klompok-klompok liyane. Dene *lore* yaiku tradhisi saka *folk*, kang ngemu teges perangan kabudayan kang diwarisake kanthi cara turun temurun lan anggane medharake kanthi cara lisan utawa nggunakake *gerak isyarat* utawa piranti kanggo pangeling-eling. Saka andharan kasebut bisa kadudut pangerten saka folklor, folklore yaiku salah sawijining kebudayaan kang kolektif,

sumebar diwarisake kanthi cara turun temurun, lan tradhisional kanthi wujud lan versi kang maneka warna ing wujud kang lesan utawa *gerak isyarat* lan piranti kanggo pangeling-eling (Danandjaja, 1984: 1-2).

Brunvand (sajrone Danandjaja, 1984:21-22) merang folklor dadi telung klompok, yaiku 1) folklor lesan, (*verbal folklor*), yaiku folklor kang wujud nyata lisan kayata ungkapan tradhisional, lelagon rakyat, puisi rakyat (pantun, syair, gurindam), pitakonan tradhisional (teka-teki), lan crita rakyat (dongeng lan legendha), 2) folklore setengah lesan (*parthy verbal folklor*), awujud campuran saka unsur lesan lan dudu lesan kayata drama rakyat (kethoprak, wayang, ludrug), tari rakyat (gambyong, srimpi, remo), kapitayan lan takhayul (gugon tuhon), upacara-upacara tradhisional (klairan, slametan, ruwat desa, manten, kepaten), dolanan tradhisional (gobak sodor), hiburan rakyat, lan pesta rakyat, 3) folklor dudu lesan (*non verbal folklor*), awujud ora lesan masiya gawene kanthi lesan, wujud arupa material kayata asitektur rakyat (candhi, bangunan tradhisional), sandhangan (bathik), panganan rakyat (ampo, dumbeg), obat-obat tradhisional (jamu), alat musik, lan seni kerajinan rakyat sarta kang ora material, kayata musik (gamelan sunda, Jawa, bali) lan basa isyarat.

Konsep Tradhisi

Tradhisi yaiku sekabehe bab kaya dene adat pakulinan, kapitayan lan sapanunggalane lan diwarisake dening leluhur (Poerwadarminta, 1976: 108). Miturut Suwarni (2015: 61) tradhisi kang isih diugemi lan ngrembaka ing satengahing masyarakat Jawa utamane sesambungan karo *siklus* panguripan manungsa, nalika ing njero kandungan, lair, mantu, nganti mati.

Tradhisi uga bisa ditegesi samubarang tumindak kang wis dadi pakulinan sajrone urip ing bebrayan wiwit jaman biyen nganti jaman siki. Tradhisi uga nduweni tingkatan kang cacahé ana papat, yaiku 1) tingkatan kang kaping sepisan yaiku tingkat nilai budaya yaiku arupa ide kang nuwuhake konsep ngenani bab kang nduweni adi luhung ing bebrayan lan biyasane gegayutan karo emosi jiwane manungsa kayadene tulung tinulung, 2) tingkatan kang kaping pindho yaiku tingkat sistem norma kang arupa nilai budaya kang gegayutan karo dhapuke anggota masyarakat ing bebrayan lan bisa owah saben wektu kang diarani kaya unggah-ungguh ing antarane wong tuwa lan anak, guru lan murid, lan sapanunggalane, 3) tingkatan kang kaping telu yaiku tingkat ukum kang arupa ukum kang lumaku ing bebrayan kayadene adat palakrama lan ukum waris, lan 4) tingkatan kang kaping papat yaiku tingkat aturan kusus kang arupa aturan tumrap tumindak kang winates ing bebrayan lan nduweni sipat nyata kayadene pranata solah bawa lan tata krama (Koentjaraningrat, 1987:11-12).

Konsep Simbol

Simbol minangka *pengenal* kanggo mangerteni ananing samubarang kang nduweni wujud. Salah sawijining wujud yaiku arupa tumindak lan prilaku manungsa kang arupa simbol. Tembung simbol asale saka basa Yunani *symbolos* kang tegese tandha utawa ciri kanggo tetenger marang wong liya. Dadi tegese simbol yaiku samubarang utawa kaanan minangka piranti objek (Budiono, 2001:10). Miturut Soekanto (1993:178) uga ngandharake yen simbol minangka piranti kanggo mratelakake barang kang nduweni wujud, salah sawijining wujud saka tumindake manungsa. Nalika manungsa mau mujudake kekarepane kang minangka asil saka kabudayan asring, diwujudake kanthi simbol-simbol.

Miturut Teeuw (1984:123) hermeneutik yaiku ilmu utawa cara kanggo mangerteni karya sastra lan basa supaya luwih amba tegese. Hermeneutik ateges ilmu kanggo napsirake karya sastra kanthi cara mangerteni sakabehe unsur. Hermeneutik ora mung kanggo nitingi karya sastra wae, kanthi majune jaman bisa kanggo nitingi bab-bab liya kayadene nitingi upacara ritual. Wujud kabudayan minangka asil karyane manungsa mesthi nduweni teges saka sakabehe simbol kang digunakake. Unsur kabudayan kang diduweni masyarakat satemene nduweni simbol kang bisa diptasirake dening masyarakat.

Konsep Makna

Koentjaraningrat (1984:9) ngandharake pangaribawane kabudayan asale saka basa Sansekerta yaiku *buddhayah* yaiku wujud jamak saka tembung budi utawa akal. Mula saka iku kabudayan bisa diarani bab kang nduweni gegayutan karo budi lan akal kabudayan iku ora uwal saka angger-angger bebener, mula teges ing babagan seni lan budaya ngandharake yen kabudayan iku saka olah cipta, rasane manungsa kayadene kapercayan, kawruh, adhatistiadhat, lan sapanunggalane (Koentjaraningrat, 1987:9).

Kabudayan bisa diperang miturut wujud. Koentjaraningrat (1987:5-7) merang wujud kabudayan dadi telu, yaiku: (1) wujud abstrak utawa kasat mata, ora bisa dicekel, difoto utawa digambar. Wujud kabudayan kasebut mapan sajrone alam pikire bebrayan kang nduweni kabudayan kasebut kayadene ide, gagasan, nilai, tata cara, uga pamikiran manungsa. (2) wujud kabudayan kang arupa aktivitas uga tumindak saka manungsa sajrone bebrayan, saben ngenani tindak-tanduk manungsa kang nganut tatanan kanthi dhasar adhat tatcaara tartamtu. (3) wujud kabudayan barang-barang saka karyane manungsa kayadene omah, keris. Jarit bathik, gerabah lan sapanunggalane. Wujud kapisan lan kapindho minangka ide, dene kaping telune minangka wujud saka ide kang diduweni. Sajrone kabudayan uga

ana bab-bab kang nyengkuyung salah sawijine yaiku bab tradhisi.

Konsep Nilai

Kabudayan Jawa uga nduweni nilai- nilai kang kinandhut ing jerone. Nilai budaya yaiku konsep-konsep ing pikirane masyarakat ngenani samubarang kang dianggep nduweni nilai kang luwih karo panguripane. Nilai budaya uga menehi pangaribawa tumrap solah bawane manungsa kang dadi panutan ing masyarakat bebrayan. Djamaris (1993:2) ngandharake nilai budaya bisa diperang dadi limang kategori, yaiku: 1) nilai budaya kang nggayutake manungsa marang Gustine, 2) nilai budaya kang nggayutake manungsa marang alam, 3) nilai budaya kang nggayutake manungsa karo manungsa liyane, 4) nilai budaya kang nggayutake manungsa marang bebrayan lan 5) nilai budaya kang nggayutake manungsa awak dhewe.

Nilai kabudayan kang kaping sepisan yaiku gegayutan mrang Gustine tegese nilai kasebut nduweni unsur-unsur tartamtu kayata religi lan ketentremen. Nilai kang kaping pindho yaiku gegayutan marang alam tegese alam minangka objek kauripan dening manungsa. Banjur kaping telu yaiku gegayutan karo manungsa liyane tegese manungsa kuwi ora bisa urip dhewe. Manungsa siji lan manungsa liyane kuwi urip sambung-sinambung lan tulung-tinulung. Kaping papat yaiku gegayutan marang bebrayan, sajrone urip ing masyarakat kudu bisa srawung tuladhane kayata gotong-royong lan bisa ngormati marang liyane. Kaping pungkasan yaiku nilai kang gegayutan marang awakke dhewe tegese manungsa kuwi kudu nduweni sipat kang apik kanggo awakke dhewe kayata sipat sumeh, grapyak lan sapaunggalane.

Konsep Piguna

Kabudayan sajrone bebrayan mujudake sawijine tradhisi utawa kebiasaan kang dilakoni dening masyarakat kang percaya ngenani adicara kasebut. Kabudayan kang dilakoni dening masyarakat kasebut nduweni piguna tartamtu tumrap masyarakat. Piguna-piguna kasebut bakal narik kawigaten masyarakat supaya tetep ngugemi lan ngrembakake tradhisi kasebut kayadene TSB ing Desa Dahor, Kecamatan Grabagan, Kabupaten Tuban nduweni piguna kanggo masyarakat khusus ing sakupenge.

Fungsi sastra lisan sajrone masyarakat kang digunakake ing panliten iki yaiku nggunakake konsep fungsi saka bascom amarga dianggep luwih trep kanggo ngonceki fungsi kang kinandhut. Fungsi sastra lisan kang ditemokake ana pitu nanging saka fungsi utamane miturut Bascom (sajrone Danandjaja, 1984:19) diperang dadi papat, yaiu: 1) minangka *sistem proyeksi*, yaiku sarna piranti kang dadi benggalaning angen-angen sawijine

kolektif, 2) minangka piranti kanggo ngesahake pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan, 3) minangka piranti kanggo pendhidhikan bocah-bocah, 4) minangka piranti kanggo pameksan lan pengawas supaya norma-norma digugu dening masyarakat. Miturut Bascom uga ana maneh fungsi liya minangka pangantar kang tuwuh saka anane pengembangan analisis. Fungsi kasebut ing antarane yaiku 1) minangka piranti hiburan, 2) minangka piranti tradhisi kang ngrembaka ing masyarakat, 3) fungsi solidaritas sosial, 4) kanggo nglestarikake budaya, lan 5) fungsi ekonomi.

Konsep Nguri-nguri Kabudayan

Miturut Koentjaraningrat (2010 : 185-189) ngandharake ana telung unsur kanggo nguri-nguri kabudayan yaiku 1) Internalisasi, nguri-nguri kabudayan nganggo rasa kang dinduweni manungsa yaiku hasrat, nafsu, lan emosi uga manungsa nduweni sipat ora bakal puas saengga bakal kawujud rasa nguri-nguri saka awake dhewe lan tradhisi. 2) Sosialisasi, yaiku proses kanthi cara turun temurun kan wis dilaksanakake saka jaman biyen nganti saiki. Lan 3) Enkulturasasi, yaiku pengaruh saka masyarakat liya kang melu nyengkuyung tradhisi kanthi apik lan melu nguri-uri kabudayaan dhaerah kasebut.

Konsep Owah-owahane Kabudayan

Kabudayan mujudake bab kang dinamis saengga ora bisa uwal saka owah-owahan. Owah-owahane kabudayan iku ora mesthi cepet, nanging ana kang suwe. Miturut Maran (2007: 50-52) owah-owahane kabudayan iku krana limang prekara, yaiku 1) faktor kahanan utawa lingkungan alam, 2) anane kontak karo masyarakat kang nduweni norma, nilai, lan teknologi kang beda, 3) *discovery* (panemuan) lan *invention* (reriptan kang anyar), 4) masyarakat ngadhopsi utawa njupuk kabudayan liya, lan 5) bangsa nganakake *modifikasi* kanthi ngadhopsi kawruh lan kapitayan kang anyar.

Hermeneutik

Teori hermeneutik minangka teori kang asring digunakake kanggo nliti karya sastra lan uga dianggep teori kang paling tua. Sumaryono (2013:24) ngandharake salah sawijine cara kanggo ngandharake babagan kang ora dingerteni supaya luwih cetha lan uga kanggo mahami makna sastra kang ana ing stuktur. Ricoeur sajrone Sumaryono (2013:106) ngandharake yen mahami makna ora mung marang simbol, nanging uga ndheleng sastra minangka teks, saengga panliten bisa utuh anggone nemokake makna.

Teeuw (1984:123) ngandharake hermeneutik yaiku elmu utawa cara kanggo mangerteni karya sastra lan basa supaya luwih cetha lan amba tegese.

Hermeneutik uga nduweni piguna kanggo njlentrehake teks adhedhasar logika. Sakabehane teks kang dijlentrehake kasebut digayutake marang kawruh budaya lan panguripan. Semana uga bisa digunakake kanggo njlentrehake makna simbol sajrone tradhisi. Hermeneutik minangka ilmu kanggo nafsirake makna kanthi cara tradhisional, uga digunakake kanggo nafsirake simbol sajrone tradhisi jaman biyen lan saiki adhedhasar logika.

METODHE

Panliten ngenani TSB iki nggunakake metodhe *dheskriptif kualitatif* teges yaiku kanggo ndheskripsikake makna sajrone objek utawa kedadayan kang didadekake kajian sajrone panliten. Panliten jinis dheskriptif luwih ngutamakake kualitas dhata. Saliyane kuwi metodhe iki uga kanggo nggambarake kasunyatan-kasunyatan saka objek saengga bisa ngolehake asil kang bener lan penerf. Koentjaraningrat (1985: 125) tujuan panliten dheskriptif yaiku kanggo njlentrehake, gegambaran, alasan kang urut utawa sistematis lan bisa dibuktekake ing kasunyatan, kabudayan, sipat-sipat, prosedhur lan kahanan. Ing panliten iki nliti sakabehe subjek panliten sajrone TSB nganti oleh dhata kang dikarepake. Dhata kang wis kasunyatan kang ana panggonan ing panliten kanthi nggunakake metode deskriptif kualitatif saengga bisa ngasilake dhata kang dibutuhake lan ngasilake dudutan. Metodhe iki digunakake kanggo nggambarake kanthi cara sistematis dhata-dhata faktual lan akurat ngenani fakta-fakta sastra kang ana gayutane antarane fenomena kang ana sajrone objek.

Objek Panliten lan Papan Panliten.

Kabudayan minangka asil pamikire masyarakat, sajrone kabudayan ana tradhisi kang isih diugemi masyarakat. Mula saka iku objek panliten kang bakal dirembug ana ing panliten iki yaiku ngenani makna, fungsi, piguna, lan owah-owahan ngenani Tradhisi Slametan Baritan.

Papan panliten iki minangka papan kang didadekake tujuan kanggo goleki sakabehing dhata dening panliti. Papan panliten ngenani TSB iki ditindhakake ing Kecamatan Grabagan, Kabupaten Tuban. Panliti njupuk Kecamatan kasebut minangka papan panliten amarga: (1) TSB taksih ngembaka ana ing dhaerah kasebut (2) Tradhisi Baritan dilaksanakake saben setaun sepisan ing sasi sura dina kamis awal (3) sajrone dhaerah tuban mung ana saperangan kang nindakake tradhisi kasebut.

Sumber Dhata lan Dhata

Sumber dhata yaiku sumber kang menehi informasi utawa kawruh marang panliti. Sumber dhata uga bisa kasebut minangka informan, sing nduweni teges wong kang bisa menehi katrangan sing dibutuhake kanggo

ditliti. Panliten TSB, kanthi tintingan Folklor setengah lisan informane yaiku (1) sesepuh desa Dahor minangka pawongan kang mangerteni tradhisi kasebut, (2) juru kunci minangka salah sijine pawongan kang mangerteni kabudayan, (3) modin desa dadi pawongan kang mangerteni agama lan tradhisi ana ing desa, lan (4) saperangan warga kang melu nyengkuyung adicara TSB.

Dhata minangka perangan saka panliten. Dhata sajrone panliten TSB ing Dahor iki awujud dhata lesan yaiku saka asiling rekaman wawanrembug kang arupa tembung-tembung, ukara, lan wacana saka informan. Dhata tulisan yaiku arupa pethikan-pethikan katrangan saka para ahli kang tinulis ing buku. Dene dhata kang awujud barang yaiku arupa gambar saka asiling dhokumentasine tata laku lan ubarampe TSB.

Instrumen Panliten

Panliten TSB iki minangka panliten lapangan kang nggunakake piranti-piranti kang lumrahe kanggo nggolek dhata ing antarane ing ngisor iki:

- (1) Panliti minangka instrumen kang nggolek dhata.
- (2) Lembar observasi kang digunakake kanggo nyathet sakabehe asil pengamatan sajrone panliten.
- (3) Daptar pitakonan kanggo wawanrembug.
- (4) Alat bantu kang digunakake nalika penelitian antarane:
 - a. Kamera Handphone kanggo njupuk gambar utawa foto nalikane adicara.
 - b. Handphone kanggo ngrekam swara kanggo dhokumentasi dhata nalika wawanrembug karo informan.
 - c. Buku cathethan nyathet bab-bab kang wigati nalika nindakake panliten ing lapangan.

Tata Cara Ngumpulake Dhata

1. Observasi

Observasi dadi bab kang wigati lan kudu ana sajrone panliten lapangan. Adhedhasar saka observasi kasebut, panliti bisa nindakake tata cara anggone ngelakoni sajrone kagiyatan observasi kanthi cara:

- (1) Panliti nekani papan panggonane TSB.
- (2) Panliti ndeleng kagiyatan TSB, kaya dene tata lakune, uba rampen lan sapanungglane.
- (3) Panliti njupuk dhokumentasi ngenani tata carane, tata lakune uga ubarampe apa wae kang ana sajrone TSB.
- (4) Panliti nyathet apa wae bab-bab kang wigati kang ana gayutane karo objek kang ditliti.

2. Wawanrembug

Wawanrembug yaiku tatacara nglumpukake katrangan utawa data ngenani panguripane manungsa ing urip bebrayan. Tujuan saka wawanrembug yaiku

supaya antuk data kanthi langsung saka narasumber utawa *informan*. Piranti-piranti kang dibutuhake sajrone wawanrembug iki yaiku *handphone*, *camera digital*, pulpen lan buku cathetan. Piranti kuwi mau tujuwane supaya ngasilake dhata kang jangkep lan akurat. Babagan wawanrembug kang bakal dilakoni dening panliti sajrone panliten TSB iki yaiku:

- 1) Sepisan yaiku panliti kudu nyusun daptar apa wae pitakonan kang arep ditakokake marang informan.
- 2) Kapindho yaiku panliti kudu nekani omahe informan kanggo nemtokake papan lan dina kanggo wawanrembug.
- 3) Banjur panliti kudu menehi pitakonan kang mirunggan babagan TSB nganggo piranti-piranti kang wis kaandhar ing ndhuwur.
- 4) Pungkasan yaiku panliti nyathet apa wae kang sesambungan karo babagan TSB.

3. Dhokumentasi

Dhokumentasi miturut (Sarwono, 2006:225) yaiku sarana pambiyantu kanggo panliti kanthi cara maca surat-surat pengumuman, *iktisar* rapat, pernyataan kang katulis lan bahan-bahan tulisan liyane. Dhokumentasi nduweni piguna amarga bisa dianakake tanpa ngganggu objek utawa swasana panliten. Dhokumentasi sajrone panliten TSB iki ditindakake kanggo nggolek dhata arupa dhokumen yaiku ngenani profil desa saka perangkat Desa Dahor lan *foto-foto* ubarampe TSB, *foto* tatalaku TSB lan *foto* para iforman.

Tata cara dhokumentasi sajrone panliten TSB yaiku:

- (1) Panliti nekani papan kang ana gegayutan karo TSB Desa Dahor Kecamatan Grabagan Kabupaten Tuban.
- (2) Panliti njingglengi langsung apa wae kang ana gegayutan karo TSB.
- (3) Panliti melu nindakake adicara kasebut wiwit persiapan, tatalaku, lan nalika adicara dhahar bareng, uga sabubare TSB.
- (4) Panliti njupuk gambar kagiyatan-kagiyatan kang ana sesambungane karo TSB kang jangkep karo ubarampe kang dibutuhake.

4. Keabsahan Dhata

Dhata kang wis diasilake ing sajrone panliten ngenani TSB iki kudu diuji lan dipriksa ngenani kabenerane, cara iki ditindakake supaya asile panliten iki bisa dipercaya. Miturut Sudikan (2001:169), keabsahan dhata iku bisa dibuktekake kanthi cara: 1) nindakake proses *triangulasi* bisa ditindakake kanthi patang cara yaiku *triangulasi* sumber dhata, *triangulasi* nglumpukake dhata, *triangulasi* tumrap metodhe pangumpulane dhata, lan *triangulasi* tumrap analisis sakabehane teori kanthi cara nggoleki teori kang relevan utawa selaras kang ana

sajrone panliten; 2) nindakake *peer debriefing*, yaiku cara kang digunakake kanggo mriksa lan nguji asil paneliten kang bener; 3) *member check* lan *audit trial*, yaiku mriksa dhata kang isih mentah kaya dene asil rekaman, dhokumen, lan *foto*.

5. Teknik Analisis Dhata

Panliten iki nggunakake analisis dhata kaya kang diandharake dening Sudikan (2001:80) yaiku (1) *open Coding*, tegese panliti kudu golek variasi dhata seakeh-akehe kang salaras karo panliten kang dilakoni (2) *axial coding*, tegesi ngurutake dhata saka open coding mau miturut panggolongane, (3) *selectife coding*, tegese panliti nggolongake proses pameriksaan kategori inti kang ana gegayutane karo liyane supaya mujudake dudutan.

Adhedhasar saka andaran ing dhuwur yaiku tata cara analisis dhata sajrone panliten iki yaiku:

- 1) *Transkrip* data, yaiku ngolah data lesan menyang data tulis. Panliti ngumpulake dhata-dhata kang wis ana, kayata rekaman wawanrembug karo informan-informan, cathetan nalika nindakake wawanrembug, dhokumen-dhokumen.
- 2) *Verifikasi* data, yaiku data kang ana sajrone panliten sawise *ditranskrip* banjur dipilih lan dipilah adhedhasar wujud, makna, fungsi, lan pamawas masyarakat kanthi tliti lan dicocogake karo jenis-jenis kang dadi sasaran
- 3) *Identifikasi* lan *kodifikasi* data, yaiku penggolongan data adhedhasar kategori perkara kang ana ing panliten kayata wujud, makna, fungsi, lan pamawas masyarakat.
- 4) *Penafsiran* utawa nerka data. *Penafsiran* ngenani data bisa ditegesi asil kang pungkasan saka proses panliten utawa bab dudutan babagan ringkesan kang wis diklasifikasi.

ANDHARAN

4.1 Kahanan Desa

Sadurunge ngrembug babagan TSB, kang bakal diandharake ngenani karakteristik. Desa kang dadi panggon panliten yaiku ana ing Desa Dahor, Kecamatan Grabagan, Kabupaten Tuban. Desa kasebut minangka desa kang manggon ana ing dhaerah pegunungan, sisih kidule kutha Tuban, ancere 25km saka desa nganti alun-alun kutha Tuban. Senajan panggone ana ing pegunungan nanging dadi salah sijine desa kang nduweni sumber paling akeh tinimbang desa ing sakupenge. Tetanduran uga luwih apik saka desa liyane, tetanduran kang ana yaiku awujud jagung, pari, lombok lan tanduran pala pendhem. Mulane, masyarakat urip ayem tentrem ora bingung anggone golek sumber panguripan. Kecamatan Grabagan minangka kecamatan kang anyar lan Desa

Dahor kalebu sajrone kecamatan kasebut. Rikala jaman semana isih kalebu Kecamatan Rengel.

4.1.1 Asal-usul Desa Dahor

Saben dhaerah mesthi nduweni crita kang maneka warna lan mesthi duweni titikan kang nuduhake dhaerah kasebut. Dumadine dhaerah-dhaerah kang ana ing Indonesia minangka hasil pamikire manungsa kang nduweni arti kanggo desa kasebut utawa kajupuk saka kedadeyan-kedadeyan nalika jaman semana. Panliten iki ngrembug babagan budaya kang awujud tradhisi sajrone masyarakat Desa Dahor yaiku TSB. Sadurunge ngrembug ngenani TSB, bakal ngrembug ngenani asal-usul Desa Dahor kang kawiwitan nalika jaman rubuhe Majapatih, ana pawongan kang sekti mandra guna kang sinebut Maling Genthila kang dadi asal-usul anane desa Dahor. Kaya andharan ing ngisor iki:

“Nalika jaman biyen kuwi ana salah sisijine pawongan kang mlebu ing Desa Dahor, Mas yaiku Maling Genthila. Maling Genthila kuwi pawongan kang sekti mandra guna lan diajeni ing Desa Dahor kene Mas. Critane Maling Genthila kuwi singidan saka penjajah wong walanda, banjur mlebu kanggo mbabat alas nganti teka tengah-tengah, dheweke ketemu pawongan kang lagi kumpul-kumpul. Maling Genthila banjur nyedhaki warga kang lagi kumpul-kumpul mau, karo warga ditampa kanthi apik lan diwenahi mangan. Sabubare mangan ditakoni asal usule. Dheweke nyritakna dalane uripe, warga kene nampa kanthi apik lan manggon ing kene Mas. Banjur dheweke takon marang jenenge desa kene apa lan wong desa kene mangsuli yen durung ana jenenge. Maling Genthila nduwe pikiran yen dheweke lagi teka diwenahi mangan mulane desa kene tak jenengi Desa Dahar. Saka omongane Maling Genthila kuwi warga desa sarujuk lan ndadekna Maling Genthila dadi wong kang diajeni ing desa anyar yaiku Desa Dahar. Desa Dahar saka mingsete tembung dadi Desa Dahor” (Bapak Alim, tanggal 12 April 2018)

Andharan asal-usule desa Dahor yaiku kawiwit nalika jaman Mataram ana pawongan kang sekti mandra guna yaiku Maling Genthila. Dheweke nduweni pangaribawa kanggo asal-usule desa Dahor, kang dicritakake nalika dheweke mlayu ana ing tengah alas. Dheweke mlayu amarga akeh penjajah kang nggoleki kawula mudha banjur dipateni, mula saka kuwi Maling Genthila singitan ana ing alas. Nalika ana ing alas dheweke ngerti pawongan kang lagi mangan utawa dhahar, banjur Maling Genthila nyedhaki lan warga desa nampa kanthi bungah banjur diwenahi mangan. Sawise kedadeyan kasebut, Maling Genthila ngendika yen sok reja-rejane jaman, desa kene tak wenehi jeneng Desa

Dahar, nanging pangrembakane jaman tembung dahar mingset dadi Dahor. Kedadeyan kang diandharake ing dhuwur nuduhake minangka asal-usul desa Dahor kang kawiwitan. Ora mung kuwi, senadyan dheweke sekti mandra guna uga minangka pawongan kang anyar ing desa nanging masyarakat percaya lan dadi pawongan kang mangaribawani ana ing desa. Maling Genthila nalika ing desa Dahor nduweni bojo loro.

4.1.2 Kahanan Alam Desa Dahor

Desa Dahor yaiku minangka desa kang subur, akeh tanduran kang maneka warna kayata pari, jagung, pala pendhem uga kewan-kewan ternak kayata sapi, wedhus, pitik, lan kewan ternak liyane. Desa Dahor manggon ana ing sisih kidul saka kutha Tuban kira-kira 25km saka alun-alun. Saka kecamatan kira-kira 7km. Mula saka kuwi Desa Dahor minangka desa kang terencil saka kauripan kutha, lan wargane uga kalebu salah sawijine desa kang ora nduwe (ora mampu). Nanging senadyan adoh saka kutha lan isih akeh warga kang kekurangan, warga Desa Dahor urip ayem tentrem karo kauripan kang saben dina dilakoni amarga sarwa kacakupan saka asil tetanduran lan asil ternak kewan kang dadi sumber panguripane.

4.1.3 Gegayutan Kahanan Desa lan TSB

Wujud gegayutan Desa Dahor nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap kapercayan utawa kapitayan kang wis dianut dening masyarakat kang wis ana turun-temurun. Kapercayan iku bisa ndadekake utawa nuwuhake rasa kawigatene masyarakat marang kahanan alam kang ana ing sakupenge kanthi cara njaga lestarine alam. Tindak-tanduke masyarakat lan uga tumindake ing saben dinane uga menehi pangaribawa marang tradhisi kang ana lan ditindakake saben taun. Alam bebrayan kang ana ing Desa Dahor iki nduweni sesambungan lan uga pangaribawa kang gedhe marang anane TSB. Mula njaga kahanan alam iku kalebu minangka wujud nyata cara ngrembakakake tradhisi kasebut. Saliyane iku, papan iku uga dadi salah sawijine panggon kanggo ngalksanani tradhisi slametan baritan.

Papan kang ana ing kagiatan TSB yaiku lapangan ngarep kuburan Bandung, amarga ana ing kuburan desa Bandung minangka salah sijine cikal bakal Desa Dahor mula saka kuwi masyarakat Desa Dahor nglaksanani upacara baritan ana ing sumur Bandung. Saliyane cikal bakal neng kunu uga ana sumur kang unik yaiku sumur kang nduweni moncong loro ana ing ndhuwur lang sing ngisor dadi siji, utawa sumur siji kang nduweni moncong loro. Saben manganan sumur bandhung sumur mau kudu di kuras supaya sumur mau tetep resik lan suci nanging proses angone nguras kudu di iringi karo gamelan sindir yen ora diiringi gamelan sindir sumur mau ora bakal asat.

4.2 Mula Bukane Tradhisi Slametan Baritan

Mula bukane tradhisi slametan baritan ing Desa Dahor kawiwit saka salah sijine pawongan kang sinebut Maling Genthila, pawongan saka kerajaan Mataram kang sekti mandra guna. Maling Genthila uga ninggalake tradhisi kang isih diugemi dening masyarakat Desa Dahor nganti jaman saiki yaiku tradhisi slametan baritan. Kaya wawanrembug ing ngisor iki

“Tradhisi slametan baritan kuwi mulane saka melbune salah siji pawongan saka manca ya kuwi Maling Genthila, wong anyar sing mlebu Desa Dahor kene tapi bisa ngrubah uripe masyarakat Desa Dahor. saka kasektene Maling Genthila mau Maling Genthila diajeni masyarakat Desa Dahor mas. La ngenani tradhisi kuwi Maling Genthila menehi pangerten yen tradhisi iki nduweni teges lan tujuan sing gedhe yo kuwi kanggo ngucap rasa syukur ing ngarsaning Gusti Allah. Saliyane kuwi kanggo ngormati roh nenek moyang lan roh-roh alam. Amarga saben tanduran mesthi ndhuwe nyawa mula saka kuwi slametan baritan iki tuwuh supaya ora ana alangan nalika tandur karo asil ternak bisa luwih melimpah, uga bisa dadi tolak balak desa mas.” (Bapak Saripin, tanggal 15 April 2018)

Tradhisi iki diwiwiti saka mlebu pawongan ing desa utawa sing mbabat alas desa Dahor yaiku sinebut Maling Genthila. Dheweke minangka wong kang paling diormati kalian masyarakat amarga wis ndadekake kauripane masyarakat owah luwih apik lan dadi pawongan kang menehi jeneng desa Dahor. Tradhisi iki uga dadi salah sijine tradhisi kang dilestarekake Maling Genthila ana ing dhaerah Tuban mligine ana ing desa Dahor Kecamatan Grabagan. Sajrone tradhisi kasebut nduweni tujuan yaiku 1) Ngormati roh alus utawa roh nenek moyang kang wis nglindungi desa. 2) Tolak balak saka bebaya kang arupa penyaakit-penyakit kayata ama lan paceklik lan liya-liyane. 3) Minangka salah sawijining tradhisi kanggo ngucap rasa syukur marang Gusti kang wis paring asil tetanduran lan asil ternak kang apik. 4) Ngraketake paseduluran antarane warga desa. 5) Nglestarekake budaya Jawa supaya ora mungkret.

4.3 Ubarampe lan makna Sajrone TSB

Ing adicara TSB iku ana sawernane sesaji utawa ubarampe kang kudu disiyapake. Saka asiling observasi lan wawanrembug, bisa diweruhi yen ubarampe utawa sesaji ing TSB iku dumadi saka 1) sega kuning, 2) bubur tulak, 3) ketan tawa, 4) arang-arang kambang, 5) jajan pasar, 6) tumpeng, 7) pala pendhem, 8) kembang setaman lan 9) dupa.

4.3.1 Sega Kuning

Filosofi saka sega kuning kuwi minangka salah sawijine ubarampe kang digunakake ing tradhisi. Panganan iki kagawé saka beras kang dimasak nganggo kunir lan santen lan bumbon. Kanthi ditambahi bumbu-bumbu lan santen, sega kuning duwé rasa kang luwih gurih tinimbang sega putih. Sega kuning iku variasi saka sega putih kang kerep minangka tumpeng. Sega kuning biyasa disajèkaké karo warna-warna lawuh khas Indonésia. Sajrone tradhisi ing Indonesia, werna sega kuning dilambangke gunung emas kang nduweni teges kekayaan, makmur sarta moral kang luhur.

4.3.2 Bubur Tulak

Kabeh slametan adat Jawa mesthi ana kang jenenge bubur. TSB uga nggunakake bubur kang jenenge bubur tulak. Bubur tulak yaiku bubur beras kang dicampur gula abang utawa gula Jawa lan diwenahi sajumput parutan klapa ing dhuwure. Bubur iki uga disebut bubur abang putih, werna abang amarga dicampur gula abang lan werna putih kang dicampur santen. Werna abang putih nduweni teges ngelingake bendera nasional Indonesia yaiku abang putih.

4.3.3 Ketan Tawa

Ketan tawa minangka salah sawijining ubarampe kang wajib ana nalika adicara TSB dilakoni. Ubarampe kasebut bisa ana nganthi jaman saiki amarga carane golek bahan gampang lan bisa digawe saben dibutuhake, mula saka kuwi ketan tawa bisa kagolong ubarampe kang gampang lan wajib ana nalika tradhisi dilaksanakake.

4.3.4 Jajan Pasar

Ubarampe liyane sajrone TSB yaiku jajan pasar, kang nduweni teges jajan kang didol ana ing pasar, jajan kasebut ana werna-werna kayata apem, puthu ayu, kucur lan liya-liyane, nanging jaman kang saya ngrembaka jinise jajan malih dadi akeh kayata donat, dumbeg, wingka, roti kukus lan liya-liyane. saka kabehe jajan kang maneka werna jajan pasar uga nduweni makna sajrone panguripan ing bebrayan manungsa iki uga nduweni pepenginan kang maneka werna.

4.3.5 Tumpeng utawa Buceng lan Ambengan

Tumpeng yaiku sega kang diwangun kaya gunung, Tumpeng salah sawijine ubarampe kang wajib sajrone TSB. Tembung tumpeng sajrone basa Jawa tumuju ing lepeng marang Gusti Pengeran. Tumpeng nduweni makna yaiku bisa ndedonga anteng, meneng, jejeg, methetheng. Mula nduweni teges nalika ndedonga kuwi kudu pasrah masrang Gusti. Tumpeng kasebut awujud kaya gunung digawe kanggo slametan. Banjur tembung ambengan sajrone tradhisi iki ana loro yaiku ambengan kanggo simbol syukur lan ambengan minangka kanggo adicara Manganan. Nalika nindakake adicara kasebut wis mesthi ana tumpeng gandhengane nganggo ambeng, ateges tumpeng dianggep nduweni gegayutane manungsa marang Gusti, banjur ambeng

diibaratake gegayutane manungsa marang manungsa liyane.

4.3.6 Pala pendhem

Pala pendhem yaiku sakabehane jinis umbi kang tuwuh ing sajrone lemah utawa urip ing ngisor lemah kayata tela, tales menyok, uwi lan sapiturute. Pala pendhem kasebut nduweni makna yaiku minangka sarana kanggo pakurmatan marang para dhyang kang wis tilar donya utawa pakurmatan kanggo leluhur utamane Maling Genthila. Saliyane iku pala pendhem uga salah sawijine asil bumi, dadi anane pala pendhem kasebut digunakake kanggo wujud rasa syukure masyarakat marang Gusti kang wis parin berkah marang panguripan masyarakat kang tansah sarwa cukup.

4.3.7 Kembang Setaman

Kembang setaman minangka kembang kang digawe nyekar ana ing petilasan lan pundhen. Ubarampe sajrone adicara TSB saliyané ana jajan lan liya-liyané kang wis dirembug ana ing ndhuwur ing kene ngrembug ngenani kembang setaman. Kembang setaman kuwi kembang kang cacahé akeh lan manggon ing taman. Kembang setaman kasebut kaperang saka kembang mawar, kembang mlathi, kembang nanga, kembang kanthil lan sapiturute.

Ambune kembang setaman kuwi pancen wangi banget uga yen disawang saka adoh katon endah. Kembang setaman minangka salah sawijining ubarampe kang kerep digunakake nalika ngalaksanakake tradhisi, ora mung TSB nanging kabeh tradhisi mesthi nggunakake kembang.

a) Kembang mawar

Kembang mawar yaiku salah sawijine kembang kang digawe nyekar ana ing makam lan ing petilasan. Kembang mawar lumrahe digawe nyekar ana loro yaiku mawar abang lan putih. Kembang mawar uga bisa diarani awar-awar supaya tawar, tawar kasebut nduweni teges eklas. Tembung eklas ing kene nuduhake yen nglakoni tumindak apa wae kudu eklas ora perlu ngresula utawa sambat, kabeh kudu dipasrahe marang Gusti.

b) Kembang mlathi

Kembang mlathi minangka ubarampe kang wigati sajrone nyekar ing makam leluhur saliyané kembang mawar, kembang iki dianggep wangi tinimbang kembang mawar. Mlathi dadi pralambang rasa melad saka njero ati. Mlathi iki lumrahe nduweni warna putih. Kembang mlathi kasebut uga nduweni makna yaiku sajrone pangucap lan wicara kudu eklas saka ati sing paling jero. Lair lan batin kudu mlaku bebarengan. Nglakoni tumindak apa wae tansah diniati saka ati.

c) Kembang kanthil

Ubarampe nyekar kasebut uga ana kembang kanthil, kembang kanthil iki nduweni simbol kanthi laku, tansah kumanthil utawa kanggo pepeling kanggo nggoleki ilmu, tegese nggoleki ilmu agama sarta sukses lair lan batin, saben pawongan ora cukup yen mung

ngandhalake dedonga nanging kudu ngupaya supaya apa kang dikarepake bisa kawujud. Kembang kanthil uga nduweni teges anane tali rasa utawa tansah kumanthil, ateges kumanthil marang Gusti Pengeran. Masyarakat nduweni kapitayan yen anane kembang kanthi iki supaya tansah kumanthil marang Gusti Pengeran lumantar pundhen kang dianggep dhanyang desa kasebut. Saliyané kuwi kembang kanthil uga nuduhake wujud matur nuwun lan dedonga supaya berkahe tansah kumanthil.

d) Kembang kenanga

Kembang kenanga minangka ubarampe kang wigati sajrone nyekar ing makam para leluhur. Masyarakat ngugemi kapitayan yen sadurunge adicara diwiwiti para warga padha nyekar ana ing pundhen. Kembang kenanga kasebut nduweni teges kenangen ing angga. Tembung kenangen ing angga iki ngandhut teges supaya masyarakat sing melu nekani adicara kasebut eling marang para leluhur. Masyarakat panyengkuyung sing melu adicara utamane para generasi mudha supaya eling marang para leluhur.

4.3.8 Dupa

Dupa minangka salah sawijining ubarampe sesajen kang ora tau ditinggalake nalika adicara TSB. Dupa yaiku kutug utawa menyan kang diobong lan digunakake sajrone adicara kasebut. Dupa kasebut salah sawijine ubarampe kang kerep digunakake nalika adicara ditindakake. Dupa nduweni makna minangka pakurmatan marang leluhur. Kabeh kang ditindakake dening leluhur ora oleh dilalekake lan bisa dadi pasinaon. Dupa ing kene kanggo wewangi nalika nglaksanakake adicara.

Dupa kang digunakake kanggo wewangi ing adicara TSB uga kanggo mujudake rasa syukur lan ngilangi bebaya kang kurang apik tumrap adicara kasebut nalika lumaku. Wektu nalika ngobong menyan utawa dupa iki dilaksanakake nalika prosesi kawiwitan. Ngobong dupa iki dilaksanakak wong lanang.

4.4 Tata Laku Tradhisi Slametan Baritan

Tata laku minangka sawijining perangan kang wigati sajrone adicara tartamtu. Tata laku bakal ngatur sakabehane adicara kanthi urut lan runtut saengga acara bisa digelar kanthi apik. Sajrone TSB iki isih nggunakake tata laku kang wis gumathok wiwit biyen nganti saiki, lan uga ana owah-owahan amarga pangrembakane jaman. Tata laku ana kang dikurangi nanging kadhang kala ditambahi miturut apa kang dadi kapercayane lan pasarujukane masyarakat. Tata laku kanggo nggelar sawijining acara kudu nggatekake anane urut-urutan yaiku persiapan, pelaksanaane adicara.

4.4.1 Persiapan Tradhisi Slametan Baritan

Persiapan ing kene yaiku nyiapake bab apa wae kang digunakake sajrone TSB. Nomer siji yaiku wawanrembug karo juru kunci, petinggi, lan masyarakat supaya bisa nemtokake kapan TSB dilaksanakake, nomer loro yaiku gotong royong antar warga kanggo nyiapake

papan panggonan, nomer telu yaiku nyiapake piranti lan ubarampe kang kudu ana sajrone tradhisi. Telung perangan kasebut dilaksanakake sadurunge tradhisi dilakoni utawa kanggo persiapan yaiku wawanrembug, gotong royong lan nyiapake ubarampe.

4.4.2 Tata laku Tradhisi Slametan Baritan

Adicara iki kalebu adicara inti kang minangka dadi punjere saka sawijining adicara. Ing TSB kang dadi punjere yaiku anggane slametan ing pretelon desa. Warga kang manggon ana ing desa Dahor bakal nglumpuk dadi siji kanggo nglaksanakake adicara kasebut lan saben pawongan nggawa jajan kanggo syarat slametan kasebut kayata palapendem lan sapanunglane. Sajrone slametan kasebut kudu ana ubarampe-ubarampe kang wajib utawa syarat kanggo nglaksanakake slametan kasebut kayata tumpeng, arang-arang kambang lan sapanunglane.

Tradhisi Slametan Baritan ing Desa Dahor, Kecamatan Grabagan Kabupaten Tuban sadurunge adicara dilaksanakake ing dina Kemis awal wulan sura, adicara kasebut mung ana setaun pisan ing desa Dahor, adicara iki mbutuhake para warga amarga kudu siyap apa kang kudu dipersiapake. Mula saka kuwi tata laku sajrone Tradhisi Manganan kaperang dadi patang adicara yaiku 1) nyiapake papan panggonan, 2) kerja bakti, 3) nyiapake piranti lan ubarampe, lan 4) slametan utawa dhahar bareng.

4.5 Nilai Budaya kang Kinandhut sajrone TSB

Nilai budaya yaiku konsep-konsep ing pikirane masyarakat ngenani samubarang kang dianggep nduweni nilai kang luwih karo panguripane. Nilai budaya iki ora rinasa wis menehi pangaribawa tumrap solah bawane manungsa. Sawa suwe nilai kasebut dadi panutan ing masyarakat bebrayan. Djamaris (1993:2) ngandharake nilai budaya bisa diperang dadi limang kategori, yaiku: 1) nilai budaya kang gayut manungsa karo Gustine, 2) nilai budaya kang gayut manungsa karo alam, 3) nilai budaya kang gayut manungsa karo manungsa liyane, 4) nilai budaya kang gayut manungsa karo bebrayan lan 5) nilai budaya kang gayut manungsa karo awak dhewe. Nilai-nilai budaya kasebut bakal dirembug ana ing ngisor iki.

4.5.1 Nilai Budaya kang Gayut Manungsa karo Gustine

Nilai budaya kang nggayutake manungsa marang Gustine, yaiku gegayutan dhasar hakekat kekerabatan manungsa ing alam donya iki. sajrone TSB nilai-nilai kang ana gegayutane karo manungsa marang Gustine yaiku nilai religi lan nilai ketentreman. Kaloro nilai kasebut bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

1) Nilai religi

Nilai religi sajrone ajaran Jawa gegayutan marang piwulang-piwulang ngenani kautaman marang Gusti kang maha agung. Saben masyarakat nduweni cara

kang maneka warna kanggo nyembah marang Gusti. Mligine ana ing masyarakat Jawa utawa ajaran kejawen bakal nuduhake salah sijine bab kang beda karo jaman saiki yaiku ngenani cara nyembah marang Gusti salah sijine nganggo olah batin. Kabeh mau ditindake masyarakat Jawa kanthi tujuan tansyah di wenehi kslametan lan nolak balak saka barang kang ala. Sajrone TSB uga kegambar nilai religi, nilai kasebut kagambar nalika adicara slametan. Minangka salah satunggale adicara sakral kang ngwajibake masyarakat ndedonga marang Gusti supaya diwenehi kslametan lan diadohkake kaliyan bebendu sing ana.

2) Nilai ketentreman

Nilai katentreman manungsa Jawa gegayutan karo kahanan kang tenang, aman, resik, lan ayem tentrem lahir lan batin. Supaya bisa mujudake nilai bebarengan, nilai katentreman tansah kudu lunaku karo nilai kakeluwargan, nilai tulung-tinulung, lan nilai gotong-royong. Miturut (Poerwadarminto, 1937:602) tentrem yaiku ora goreh, ora rusuh, lan bisa nggawe kaleremaning ati.

Wong Jawa percaya yen ketentreman minangka syarat kaciptane nilai bebarengan kang makmur sajrone urip. Nilai katentreman uga ana ing tradhisi TSB. Katentreman dituduhake nalika nindakake tradhisi kasebut. amarga tujuwan saka tradhisi kasebut yaiku supaya bisa nggayuh katentreman ing bebrayan, urip mulya, lan tentrem lahir batin.

4.5.2 Nilai Budaya kang Gayut Manungsa Karo Alam

Nilai budaya kang nggayutake manungsa karo alam yaiku nilai budaya kang ana gegayutane marang alam minangka kesatuan kauripan manungsa ing ngendi dheweke ana. dumadi saka nyerah saka ketentuwan, nguwasai alam, nggoleki kecocokan, pengaturan lan pemanfaatan sumber daya alam kang dumunung ing adicara TSB.

Adicara kang ditindakake dening masyarakat saben taun minangka wujud rasa syukur dhumateng Gusti Kang Maha Kuwasa. Piranti adicara kasebut kang wis dirembug ana ing dhuwur arupa asil sumber daya alam, kayata asil tetanen para kadang tani. Ubarampe ing adicara TSB iki minangka asil tetanen kang kabukti saka andharan ing ngisor iki.

”nalika adicara slametan baritan iki mesti nggawa tumpeng lan ambeng sing isine kayata kluwih, tahu, tempe, iwak, urap-urap, lan liyan-liyane, saliyane kuwi masyarakat uga nggawa gedhang lan jajan pasar uga pala pendem saka asile dhewe”. (Kyai Samsih, tanggal 19 april 2018)

Adicara TSB isih ana sesambungane karo kahanan alam utawa asil saka alam amarga urip ana ing ndonya mesthi kudu sesambungan kro alam supaya bisa urip. Mula sajrone tradhisi diwajibake nggawa asil saka tetandurane masyarakat kayata pala pendem, gedhang lan liya-liyane. Tradhisi slametan baritan iki minangka wujud ngucap rasa syukur dhumateng Gusti Kang Maha Kuwasa amarga wis diwenahi asil bumi kang luwih-luwih saengga bisa nyukupi kauripane masyarakat arupa pala pendem lan tetanduran kang ana ing ndonya. Nilai kang ngayutake manungsa karo alam kasebut nuduhake manungsa kudu njaga lan nglestarekake alam supaya ora mati lan bisa ngolah tanah supaya subur lan bisa ngasilake tetanduran kang apik lan bisa dadi kauripane manungsa.

4.5.3 Nilai Budaya kang Gayut Manungsa karo Sapadha-padha

Nilai budaya kang gayut manungsa karo sapadha-padha yaiku nilai budaya kang ana gegayutane marang urip ing bebrayan kudu tansyah njaga paseduluran antarane manungsa siji lan sijine supaya bisa nyiptakake masyarakat kang ayem tentrem. Sajrone urip ing bebrayan utawa sesambungan kaliyan manungsa liya kudu nduweni nilai karukunan, lan nilai paseduluran kayata andharan ing ndisor iki.

1) Nilai Karukunan

Nilai karukunan masyarakat Jawa kagambar ana ing panguripane manungsa saben dina, yaiku kanthi urip rukun ayem tentrem, lan ora ana masalah apa-apa sajrone urip ing bebraya, iku mingangka slah sawijining gegambaran nilai karukunan kang kagambar ana ing kauripane masyarakat Jawa. Miturut (Poerwadarminto, 1937:532) ngandharake yen Rukun yaiku ora pasulayan utawa guyub. Ateges sajrone masyarakat kuwi kudu nduweni sifat guyub utawa rukun supaya ora ana padudon saka warga siji lan liyane

Nilai karukunan kasebut ana ing TSB. Nilai karukunan kasebut arupa karukunan nalika nindakake tradhisi kaebut. Antarane wong siji lan sijine nduweni kasalarasan, kakompakan, lan keayeman. Tuladhane nalika nyiapake ubarampe lan acara mangan ambeng bareng sabubare slametan. Kahanan kasebut uga bisa nambah karukunan antaraning wong siji lan sijine. Masyarakat katon rukun nalika nindakake adicara.

2) Nilai Paseduluran

Warga yaiku sanak-sedulur, kang nunggal jinis (golongan), lan wong sing dadi gegelitaning pakumpulan (Poerwadarminto, 1937:656). Nilai paseduluran manungsa Jawa gegayutan karo kasatuan, panglompokan, lan paseduluran antaraning manungsa lan alam donya. Manungsa Jawa percaya ing sakabehing unsur alam donya lan manungsa sejatine siji kaluwarga gedhe.

Masyarakat Desa Dahor nilai paseduluran iki penting amarga bisa kanggo silaturahmi antara manungsa siji lan sijine.

Nilai paseduluran uga ana ing tradhisi TSB. Nilai paseduluran dituduhake nalika kabeh masyarakat nyengkuyung tradhisi kasebut. Paseduluran uga digambarake ing upacara slametan. Nalika mangan ambengan, kabeh masyarakat padha anggone oleh panganan. Ora ana kang dibedak-bedakake antara wong siji lan sijine, kabeh rata. Kabeh padha melu ngepung ambeng uga mangan bareng ing panggonan kasebut. Wiwit saka bocah cilik nganti wong kang wis sepuh. Desa liya uga melu nyengkuyung adicara iki kabukten yen adicara iki bisa ndadekake paseduluran ora mung sawarga desa nanging uga desa liya.

4.5.4 Nilai Budaya kang Gayut Manungsa karo Bebrayan

Nilai budaya kang nggayutake manungsa marang bebrayan yaiku nilai budaya kang ana gegayutane marang urip ing bebrayan kudu tansyah njaga paseduluran antarane manungsa siji lan sijine supaya bisa nyiptakake masyarakat kang ayem tentrem. Sajrone urip ing bebrayan utawa sesambungan kaliyan manungsa liya kudu nduweni nilai gotong-royong, lan nilai paseduluran kayata andharan ing ngisor iki.

1) Nilai Gotong-royong

Nilai gotong-royong ing bebrayan Jawa sesambungan karo paseduluran, kelompok, bebarengan antarane manungsa liya lan liyane. Nilai gotong-royong uga nduweni gegayutan kang timbal balik antaraning nilai paseduluran lan nilai kakeluwargan. Gotong-royong dumadi ing tradhisi rembug desa, kerja bakti, gugur gunung, lan kerig desa. Ing budaya Jawa, gotong-royong bisa ndadekake masyarakat urip kanthi makmur, adhem ayem, lan slamet. Nilai gotong-royong uga ana ing TSB. Gotong-royong dituduhake nalika para masyarakat kerja bakti nyipake tradhisi kasebut kayata ubarampe lan piranti.

2) Nilai Pepesthen

Pepesthen yaiku lelakon kang wis ditemtokake ing kersaning Allah (Poerwangdarminto, 1937:488). Pepesthen wong Jawa ing kene gegayutan karo ketetapan, kejelasan, lan ketertentuan ing panguripane manungsa Jawa. Nilai pepesthen ora bisa diowahi lan disingkrihi dening sapa wae lan apa wae. Masyarakat Jawa tansah percaya, ngormati, nglakoni, lan njaga pranata mangsa supaya nilai pepesthen tetep kajaga lan kerumat. Nilai-nilai budaya kuwi tuwuh saka tumindake para manungsa kasebut. Masyarakat Desa Dahor kang isih nindakake TSB saben taun. Bab kasebut nuduhake masyarakat isih tetep njaga nilai-nilai kang ana ing tradhisi kasebut.

3) Nilai Keteraturan

Teratur yaiku kahanan kang runtut lan urut (Poerwadarminto, 1937:262). Nilai pepesthen ora bakal ana yen ora didampingi karo nilai *keteraturan* manungsa Jawa uga suwalike nilai *keteraturan* ora bakal ana yen ora didampingi karo nilai pepesthen. Mula kalorone nduweni gegayutan kang tansah nyengkuyung antara siji lan sijine. TSB iki uga ana nilai keteraturan yaiku keteraturan nindakake tradhisi kanthi cara kang wis dadi paugeran saka leleuhur. Kayata dina nglaksanakake tradhisi, nindakake slametan, ubarampe lan piranti kang digunakake sajrone tradhisi. Sakabehing kuwi ora diubah lan ditinggalake amarga kabeh mau wis ana keteraturan ing tradhisi kasebut.

4) Nilai Pakurmatan

Kurmat yaiku urmat, ngajeni, utawa tata-pranata kang becik (Poerwadarminto, 1937:239). Nilai pakurmatan manungsa Jawa gegayutan karo ketakziman, kekhidmatan, kehormatan, lan keberhargaan antaraning manungsa lan alam donya. Sakabehing manungsa Jawa diwajibake njaga, nglestarekake, lan ngugemi nilai pakurmatan utawa kahanan kurmat sajrone urip bebrayan. Pakurmatan iku dumunung marang wong kang luwih tuwa, marang sesepuh, marang masyarakat liya, lan marang pawongan kang nduweni kalungguhan.

Nilai pakurmatan kasebut uga ana ing TSB. Nilai pakurmatan dituduhake masyarakat kanggo ngormati para sesepuh ing Desa Dahor. Kaya dene anane nilai pakurmatan yaiku nalika miwiti tradhisi. Kanggo ngormati kepala desa minangka pemimpin desa, acara kasebut diwiwiti dening bapak Subandi minangka Kepala Desa Dahor.

4.5.5 Nilai Budaya kang gayut Manungsa karo Awake Dhewe

Nilai budaya kang nggayutake manungsa marang awake Dhewe yaiku nilai budaya kang ana gegayutane marang sejatining urip. Sadurunge manungsa mangerteni utawa nyacat wong liya kudu mangerteni awake dhewe “kaya apa ta awakku iki apa wis apik tinimbang wong liyane” mula saka kuwi manungsa kudu ngaca lan mangerteni awake dhewe supaya bisa urip ing bebrayan kanthi sesambungan kang apik. Nilai budaya kang ngayutake manungsa kaliyan awake dhewe yaiku kudu nduweni Nilai Kamanungsan kayata andharan ing ndisor iki.

1) Nilai Kamanungsan

Nilai kamanungsan nduweni gegayutan karo *kesimpatian*, *keempatian*, *kemenarikan*, pitutur, lan tumindak marang manungsa liya lan alam sakitare. Sajrone urip ing bebrayan manungsa Jawa kudu bisa jatmika, grapyak, semanak, blater, sumeh, merak ati, lan

seneng aruh-aruh. Sipat-sipat kaya mangkono disenengi para manunga.

Nilai kamanungsan kasebut uga ana ing TSB. Nilai kamanungsan ing tradhisi kasebut arupa rasa empati marang pawongan liyane ing masyarakat bebrayan utawa ing saben-saben masyarakat. Antaraning wong siji lan sijine uga nduweni rasa empati, yaiku bisa ngrasakake apa kang dirasakake wong liya. Rasa empati kasebut dituduhake nalika nyiapake ubarampe lan piranti sajrone TSB.

4.6 Fungsi TSB Tumrap Bebrayan Panyengkuyunge

Folklor minangka tradhisi rakyat, nduweni piguna tumrap bebrayan panyengkuyunge. Saliyane kuwi folklor uga nduweni daya pangaribawa kang gedhe tumrap panguripan bebrayan masyarakat panyengkuyunge folklor. Teori fungsi kang digunakake kanggo ngandharake fungsi folklor sajrone TSB yaiku teori modifikasi kang diandharake dening Bascom lan Dundes. Pigunane folklor ing kene ditemokake ana pitu nanging saka fungsi utamane ana papat, yaiku: 1) minangka *sitem proyeksi*, yaiku kaca pangilone angengen saka kolektif. 2) minangka sarana pangesahe budaya, 3) minangka sarana pendhidhikan, lan 4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi paugerane bebrayan, supaya tansah diugemi lan ditindakake dening bebrayan utawa *kolektif*.

4.7 Carane Nguri-nguri TSB

Tradhisi kang ana ing Indonesia mligine ana ing dhaerahe dhewe-dhewe bisa ndadekake titikan saka dhaerah kasebut lan dadi titikan negara, mula saka kuwi tradhisi kasebut kudu diuri-uri lan dilestarekake ing jaman saiki. Pawongan kang nduweni peran gedhe kanggo nguri-uri kabudayan mligine TSB yaiku kawula mudha amarga pawongan kang tua mung bisa nyengkuyung lan sing nerusake kabudayan yaiku bocah nom-noman.

Carane nguri-uri TSB yaiku ana telung cara kanggo nuwuhake rasa neng kawula muda lan masyarakat yaiku 1) Internalisasi, nguri-nguri kabudaya nganggo rasa kang diduweni manungsa yaiku hasrat, nafsu, lan emosi uga manungsa nduweni sipat ora bakal puas saengga bakal kawujud rasa nguri-nguri saka awake dhewe lan tradhisi. 2) Sosialisasi, yaiku proses kanthi cara turun temurun kan wis ditindakake saka jaman biyen nganti saiki. Lan 3) Enkulturasi, yaiku pengaruh saka masyarakat liya kang melu nyengkuyung tradhisi kanthi apik lan melu nguri-uri kabudayaan dhaerah kasebut saengga bisa tansah ngrembaka. Koentjaraningrat (2009 : 185-189)

4.8 Owah-owahan Tradhisi sajrone TSB

Tradhisi yaiku salah sawijine unsur kabudayan kang asipat *dinamis*. Warga kang nduweni kabudayan mesthi menahi unsur kreativitas supaya luwih endah. Tradhisi kang ana sajrone TSB tartamtu wis ngalami owah-owahan. Ana pambada antarane jaman biyen lan jaman saiki. Bisa diwawas saka saperangan kagiyatan lan ubarampe. Owah-owahan kang ana sajrone tradhisi dianggep samubarang kang lumrah, amarga kanthi terus lumakune dina mesthi ana owah-owahan. Owah-owahan kasebut bisa sipat ngrusak lan uga ana kang asipat nambahi utawa menahi kaendahan. Nanging amarga kemajuan jaman ana bab bab kang owah yaiku kayata ing ngisor iki.

“jaman saiki tradhisi baritan wis owah mas, ubarampe-ubarampe sajrone tradhisi wis ngalami owah-owahan, mligine ana ing tatalaku sajrone tradhisi wis ngalami owah-owahan, kayata angone resik desa, panggon, lan adat kabeh wis ngalami owah-owahan sairinge lumakune jaman kang saya maju kayata jaman saiki sing sarwa modern lan praktis. Owah-owahane ana ing ubarampe lan tatalaku. Jaman biyen ubarampe isih lengkap kayata arang-arang kembang, bucu kendhit, tumpeng, bubur tulak, lsp. Ubarampe kang digunakake ing jaman saiki luwih saiki lan praktis kayata tumpeng, bubur tulak, jajan pasar, pala pendem lsp”. (Bapak Darsin, tanggal 19 April 2018)

Adicara TSB sairinge lumakune jaman wis ngalami owah-owahan kayata ubarampe lan tata laku uga wektu wis owah ora kaya biyen. Masyarakat Jawa biyen isih ngugemi banget tradhisi nenek moyang amarga nganut sistem kapercayan, nanging masyarakat jaman saiki wis maju lan nduweni teknologi kang bisa ndadekake manungsa luwih gampang anggone nggolek samubarang, ora kaya masyarakat jaman biyen. Saka teknologi kang bisa nggampangne manungsa uga bisa nggarai manungsa males karena samubarang wis sarwa praktis.

PANUTUP

Dudutan

TSB minangka salah sawijine tradhisi Jawa kang tuwuh lan ngrembaka ing Desa Dahor, Kecamatan Grabagan, Kabupaten Tuban. Tradhisi slametan baritan yaiku tradhisi kang dilaksanakake kanggo ngucap rasa syukur marang Gusti lan kanthi tujuwan ngilangi pageblug.

TSB isih nggunakake tata laku kang wis gumathok wiwit biyen, nanging ana owah-owahan amarga pangrembakane jaman. Tata laku ana kang dikurangi lan kadhang kala ditambahi miturut apa kang

dadi kapercayane lan pasarujukane masyarakat. Tata laku kanggo nggelar sawijine adicara kudu nggatekake urutan yaiku persiapan lan pelaksanaane. Sajrone persiapan yaiku wawan rembug, gotong royong, nyiapake ubarampe, lan tradhisi baritan. Ing pelaksanaane uga nyiapake papan panggonan, kerja bakti, nyiapake piranti, lan slametan utawa dhahar bareng. Tata laku kasebut wis dilakokake saben taun kanthi turun temurun.

Kabutuhane adicara awujud sesaji utawa ubarampe yaiku 1) sega kuning, 2) bubur tulak, 3) ketan tawa, 4) arang-arang kembang, 5) jajan pasar, 6) tumpeng, 7) pala pendhem, 8) kembang setaman lan 9) dupa. Ubarampe kasebut nduweni simbol, makna, nilai lan piguna dhewe-dhewe. Adicara TSB uga ngalami owah-owahan sajrone ubarampe lan tata laku sairing lumakune jaman. Jaman kang saya modern akeh masyarakat kang milih ubarampe kanthi cara praktis utawa gampang. Nanging masyarakat tetep ngugemi lan nindakake tradhisi kasebut nganti saiki, senadyan tata laku lan ubarampe sajrone TSB akeh owah-owahane nanging kudu tetep diuri-uri.

5.2 Pamrayoga

Panliten ngenani Tradhisi Slametan Baritan mujudake panliten kang mbutuhake pamrayoga kanggo panliten sabanjure. Tradhisi kang dilakokake setaun pisan iki mangaribawani kanggo masyarakat bebrayan. Babagan kasebut bisa tumuju ing pangaribawa becik lan ala sajrone negesake tradhisi. Sakabehe gumantung saka masyarakat lan pamikiran saben pawongan. Nanging anane tradhisi iki dikarepake supaya isih ngugemi lan nguri-uri budaya Jawa kang isih ana nganti jaman saiki. Tradhisi kasebut minangka wujud rasa syukur dhumateng Gusti Pengeran uga dedonga lan ngormati para leluhur ing jaman biyen. Pakulinan kang ditindakake wiwit biyen nganti saiki nuduhake yen masyarakat tansah ngugemi lan ngkestarikake budaya kanthi tumemen.

TSB kudu tetep diuri-uri supaya bisa lestari nganti anak putu sabanjure. Wis dadi jejibahan masyarakat sakiwa tengene kanggo nyengkuyung kanthi ora ngilangake salah sawijining babagan sajrone tradhisi. Panliti nduweni pangarep-arep kanti anane panliten tradhisi iki supaya bisa migunani tumrap panliten sabanjure, amarga akehe maneka warna budaya ing sajrone masyarakat menahi kawigaten kanggo ditliti luwih jero. Sairing majune jaman lan saya ngrembaka dikarepake supaya budaya lokal kang dadi idhentitas dhaerah ora bisa kagiles jaman. Kabudayan minangka idhentitas kang perlu dijaga lan dilestariakke sarta minangka babagan kang wigati sajrone panguripan.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian suatu pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- _____. 2006. *Metode Penelitian Kualitatif*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia (Ilmu Gosip, Dongeng dan lain-lain)*. Jakarta : Pustaka Utama Grafiti.
- Djamaris, Edward. 1993. *Nilai Budaya dalam Beberapa Karya Sastra Daerah di Sumatra*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Endraswara, S. 2009. *Metodologi Penelitian Folklor Konsep Teori dan Aplikasi*. Yogyakarta: Med Press.
- Herusatoto, Budiono. 2005. *Simbolisme dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widia.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara yang Terlupakan: Pengantar Studi Sastra Lisan*. Surabaya: HISKI Jawa Timur.
- Ihromi. 1987. *Pokok-pokok Atropologi Budaya*. Jakarta: Jambatan.
- Jonathan, Sarwono. 2006. *Metode Penelitian Kuantitatif dan Kualitatif*. Yogyakarta: Graha Ilmu
- Koentjaraningrat. 2010. *Manusia dan Kebudayaan Indonesia*. Jakarta: Djambatan.
- _____. 1994. *Metode-metode Penelitian Masyarakat*. Jakarta: Gramedia.
- _____. 1990. *Sejarah Teori Antropologi jilid II*, Jakarta : UI-Press.
- _____. 1987. *Sejarah Teori Antropologi Jilid I*. Jakarta: UI Press.
- _____. 1985. *Kebudayaan Mentalis dan Pembangunan*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Koentjaraningrat, (Ed). 1984. *Masyarakat Desa di Indonesia*, Jakarta LPFE-UI.
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya Dan Masyarakat*. Yogyakarta: PT. Tiara Wacana.
- Luxemburg. 1992. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta : PT. Gramedia.
- Maran, Rafael Raga. 2007. *Manusia dan Kebudayaan dalam Perspektif Ilmu Budaya Dasar*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Moleong, Lexy. 2009. *Metode Penelitian kualitatif*. Bandung : PT. Remaja Rosdakarya.
- Pierce. 2006. *Pierce's Theory of Sign*. T. L. Short.
- Poerwadarminta. 1984. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- _____. 1976. *Kamus Baoesastra Djawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Purwadi. 2005. *Ensiklopedi Kebudayaan Jawa*. Yogyakarta: Bina Media.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Teori, Metode, dan Tehnik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Rendra. 1984. *Mempertimbangkan Tradisi*. Jakarta: Gramedia.
- Soekanto. 1993. *Pokok-pokok Antropologi Budaya*. Jakarta: Citra Aditya Bakti.
- Sudikan. Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: UNESA Unipres
- Suhendi, Imron. 2011. [Baritan \(Selametan Bumi\), Antara Budaya Dan Agama](http://coretanimron.blogspot.co.id/2011/01/baritan-(selametan-bumi)-antara-budaya-dan-agama.html), (online).
[http://coretanimron.blogspot.co.id/2011/01 / baritan-\(selametan-bumi\)-antara-budaya-dan-agama.html](http://coretanimron.blogspot.co.id/2011/01/baritan-(selametan-bumi)-antara-budaya-dan-agama.html).
Kaakses 12 November 2018.
- Sukarman. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa*. Surabaya: Unesa Unipress.
- Setiawan, Moch Agus. 2013. *Kajian Teori kebudayaan*. Unduhan saka
<https://bocahsastra.wordpress.com/2013/03/01/kajian-teori-kebudayaan/>. Kaakses 10 November 2018.
- Suwarni & Widayati, Sri Wahyu. 2015. *Dasar-Dasar Upacara Adat Jawa*. Surabaya: Penerbit Bintang
- _____. 2015. *Mengenal Sekilas Tradisi Jawa*. Surabaya: Bintang.
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Bandung: Pustaka Jaya
- Tim ISBD UNESA. 2008. *Ilmu Sosial Budaya Dasar*. Surabaya: Unesa University Press.